

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Diajar mangrupa prosés anu dilakukeun ku manusa sapanjang hirupna. Prosés diajar lumangsung balukar ayana interaksi antara hiji jalma jeung lingkunganana. Ku lantaran kitu, diajar bisa dilakukeun di mana waé, teu kawatesanan boh ku tempat boh ku waktu.

Nurutkeun Sadiman, spk. (2009:2), salasihiji tanda yén hiji jalma geus ngaliwatan tahap diajar nya éta ayana parobahan tingkah laku dina dirina. Éta parobahan tingkah laku téh patali jeung parobahan dina segi pangaweruh (*kognitif*), kaparigelan (*psikomotor*), jeung sikep (*afektif*). Hartina, tujuan diajar téh ayana parobahan tingkah laku anu dibalukarkeun ku kamekaran pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep.

Baharuddin jeung Wahyuni (2010:12) ogé nandeskeun yén diajar mangrupa aktivitas anu dilakukeun ku hiji jalma pikeun nyangking parobahan dina dirina ngaliwatan latihan-latihan atawa pangalaman-pangalaman. Diajar bisa mawa parobahan pikeun palakuna, boh dina segi pangaweruh, boh dina segi sikep, boh dina segi kaparigelanana.

Dumasar kana pamadegan di luhur, penulis mibanda kacindekan yén diajar nya éta prosés parobahan tingkah laku ngaliwatan pangalaman jeung latihan kana kaayaan anu leuwih hadé.

Ku ayana karageman karakteristik sasaran pendidikan, karakteristik anu aya kudu dijadikeun hiji kesatuan anu gembheng pikeun nyumponan kabutuh peserta didik. Pendidik boga tanggung jawab dina ngatur jalanna prosés diajar-ngajar, tujuana pikeun méré arahan dina kamampuh peserta didik kana kompetensi anu dipiharep.

Salasahiji lingkungan diajar anu bisa ngarojong peserta didik dina ngahontal kompetensi diajarna nya éta penerapan téknologi dina ngagunakeun média pangajaran. Média pangajaran minangka alat bantu anu bisa digunakeun ku pendidik dina mantuan tugasna salaku pendidik. Salian ti éta, média pangajaran ogé mantuan peserta didik dina kagiatan diajarna, nu ahirna éta média dipiharep bisa ngaronjatkeun hasil diajarna.

Kamampuh pendidik dina mekarkeun média pangajaran mangrupa salasahiji faktor anu nangtukeun hasil-henteuna peserta didik dina ngahontal kompetensi anu dipiharep. Halangan-harungan anu dirasakeun ku para pendidik patali jeung kamekaran média pangajaran, salasahijina nya éta kahéngkérana dina ngarancang jeung nyusun média pangajaran, sarta teu mibanda pangaweruh jeung kaparigelan anu nyumponan dina nyieun hiji média.

Kanyataan saperti kitu ogé diébréhkeun ku Mulyanta (2009:3), yén:

... berbagai faktor yang menyebabkan kurang optimalnya hasil belajar terkait dengan hasil pengembangan media pembelajaran, antara lain:

- 1) pendidik tidak tahu cara menggunakan media pembelajaran dalam proses pembelajaran;*
- 2) penggunaan media pembelajaran oleh pendidik sangat terbatas dan tidak substantif sehingga dirasakan kurang membantu dalam penguasaan bahan ajar; dan*
- 3) kurang variatifnya media pembelajaran sehingga media pembelajaran sangat membosankan.*

Dumasar kana hasil observasi prapendahuluan ka SMA Pasundan 8 Bandung, penggunaan média pangajaran, hususna basa Sunda, masih langka pisan. Ilaharna guru basa Sunda ngan saukur ngamangpaatkeun média buku pakét jeung LKS, antukna para siswa teu mikaresep pangajaran basa Sunda, atuh sumanget diajarna ogé kurang. Di antara guru basa anu aya, anu geus kawilang euyeub ku média pangajaran téh nya éta guru basa Indonésia. Média pangajaran anu disadiakeunana nya éta: laboratorium basa, buku; pakét, LKS, buku-buku carita rahayat, roman, pilem, jeung *scrabble* –média anu digunakeun pikeun ngeuyeuban kandaga kecap siswa. Ku ayana média pangajaran, siswa bisa leuwih sumanget kana diajar dibandingkeun jeung diajar tanpa ngagunakeun média pangajaran

Tina pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén média pangajaran penting pisan pikeun ngaronjatkeun hasil diajar peserta didik.

Kamekaran élmu pangaweruh jeung téknologi ngarajong dimangpaatkeunana hasil-hasil téknologi dina prosés diajar. Para guru ditungtut pikeun bisa ngagunakeun alat-alat (média) anu disadiakeun ku sakola. Paling henteu, guru kudu bisa ngagunakeun média anu murah, éfisién, tur basajan pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Média salaku alat bantu dina prosés diajar-ngajar mangrupa kanyataan anu teu bisa disingkahan. Média pangajaran bisa ngaronjatkeun motivasi jeung rangsangan pikeun diajar sarta mawa pangaruh-pengaruh psikologis pikeun peserta didik.

Média pendidikan minangka alat pikeun komunikasi antara guru jeung murid dina prosés diajar-ngajar, saperti anu ditandeskeun ku Danim (2008:7), yén *“media pendidikan merupakan seperangkat alat bantu atau pelengkap yang digunakan oleh guru atau pendidik dalam rangka berkomunikasi dengan siswa atau peserta didik.”*

Asosiasi Pendidikan Nasional (*National Education Association/NEA*) ngébréhkeun wangenan média salaku wangun-wangun komunikasi boh cetak boh audio-visual jeung alat-alatna. Tina ieu wangenan bisa dihartikeun yén média bisa dimanipulasi, ditempo, didéngé, jeung dibaca.

Média audio-visual mangrupa salasahiji wangun média dimana pangregep ngagunakeun indra panempo jeung indra pangdéngé pikeun nyangking amanat anu ditepikeun. Nalika siswa ngagunakeun indra panempo jeung indra pangdéngé, kamungkinan maham jeung inget kana matérina bakal leuwih hadé dibanding ngan saukur ngagunakeun indra panempo atawa pangdéngé wungkul. Ieu hal luyu saperti anu ditandeskeun ku Arsyad (2009:9), yén beuki loba indra anu digunakeun pikeun narima jeung ngolah informasi, beuki gedé kamungkinan éta informasi bisa dipikaharti jeung napel dina uteuk. Saperti halna média audio-visual anu dina pelaksanaanana ngalibetkeun indra panempo (visual) jeung pangdéngé (audio). Tina éta pedaran, penulis kataji pikeun ngalarapkeun média audio-visual dina kagiatan pangajaran.

Saperti anu geus dijelaskeun di luhur ngeunaan kaayaan pangajaran basa Sunda di SMA Pasundan 8 Bandung, loba pasualan anu karandapan ku siswa dina pangajaran nulis carita pondok (carpon). Salian ti siswa anu langka ngagunakeun

basa Sunda salaku basa panganteur dina kahirupan sapopoéna, katurug-turug siswa ogé hésé pikeun nyiar imajinasi pangpangna dina nyarungsum jujutan carita anu rék dijieun carpon.

Kahéngkéran dina ngamimitian nulis -nimu idé pikeun diébréhkeun kana wangun tulisan- ogé diaku ku salah saurang penulis, nya éta Gola Gong (2008:36) yén “*bagi penulis pemula, kesulitan awal adalah bagaimana caranya bisa menemukan ide dan menuliskannya.*” Nilik kana kanyataan di luhur, tétéla yén motivasi jeung inspirasi diperlukeun pisan pikeun ningkatkeun kamampuh siswa nulis carita pondok.

Dina salasihiji sub bab *Jangan Mau Gak Nulis Seumur Hidup*, Gola Gong ogé ngajelaskeun yén diajar nulis bisa kainspirasian ku média audio-visual, salasihijina nya éta pilem. Salian ti pilem bisa ngadatangkeun ide, ogé ku ayana pilem penulis bisa milih téma anu akrab jeung kahirupan urang, balukarna téma tulisan urang bakal salawasna dipikaresep ku pamaca.

Nalika urang wegah maca, pikeun ngakalan sangkan urang terus produktif nyieun karya, urang bisa ngamangpaatkeun pilem. Éta hal ogé diébréhkeun ku Gola Gong (2008:81) saperti ieu di handap.

Film adalah tempat belajar yang paling efektif. Jika kita malas membaca novel yang tebal-tebal, nonton film saja. Ada banyak VCD atau DVD. Kita bisa memilihnya. Lalu di akhir pekan kita menontonnya. Film Children of Heaven layak kita tonton dan kaji. Mulailah kita belajar memindahkan bahasa film itu ke dalam tulisan.

Gola Gong ngajak urang sangkan bisa ngébréhkeun aktivitas para pamaén anu katempo ku urang kana wangun tulisan (carpon). Saperti kalimah pamungkas dina salasihiji pada, “*Cobalah tuangkan ke dalam bentuk kata-kata!*”

Pikeun ngaronjatkeun motivasi peserta didik sarta méré inspirasi dina nulis carita pondok, dina ieu panalungtikan baris dipilih média pilem anu judulna “Lemahcai Kulup”. Alesan penulis milih éta média sabab éta pilem diangkat tina hiji carpon karangan Hadi AKS, dina judul anu sarua, “Lemahcai Kulup”. Éta pilem ngagambarkeun rasa nasionalisme anu luhung, kareueus ka lemahcai Indonésia, anu dipibanda ku putra bangsa.

Kualitas pilem “Lemahcai Kulup” ogé geus kabukti dina *Festival Film Pendek Bandung*, salaku *Juara 1 Film Pendek Jenis Drama*. Basa anu dipakéna minangka basa Sunda anu hadé, anu euyeub ku gaya basa, sarta dilengkepan ku tarjamahan dina basa Indonésia. Unsur agama, budaya, seni, atikan, jeung sastra diracik tur dipapaés kalawan hadé nepi ka ngawujud hiji pintonan positip anu pepel ku informasi. Sajumlahing kapunjulan pilem “Lemahcai Kulup” dipiharep bisa méré stimulus, matak ngirut ati, jeung ngadukung imajinasi siswa dina nulis hiji carita pondok.

Ieu panalungtikan baris dilakukeun di sakola anu kelasna mibanda pasualan luyu jeung judul panalungtikan, ogé diluyukeun jeung kamampuh penulis anu kiwari keur ngalaksanakeun Program Latihan Profesi (PLP) di SMA Pasundan 8 Bandung, ku kituna ieu panalungtikan bakal dilakukeun di éta sakola.

SMA Pasundan 8 Bandung minangka salasahiji Sekolah Standar Nasional (SSN) sakaligus salaku Rintisan Sekolah Berstandar Internasional (RSBI) ti mimiti taun ajaran 2010/2011.

SMA Pasundan 8 Bandung aya di Jl. Cihampelas No. 167. Posisi éta sakola mémang deukeut pisan ka pusat perbelanjaan Cihampelas Walk, sanajan

kelas mémang teu kaganggu ku sora kandaraan, tapi éta lingkungan sakola geus mangaruhan siswa pikeun ngagunakeun basa Indonésia salaku basa panganteur dina kahirupan sapopoéna.

Dina ngalaksanakeun program PLP, ditimukeun pasualan anu dialaman ku siswa, di antarana nya éta pasualan dina nulis carita pondok. Ku lantaran kitu, panalungtikan di ieu sakola kacida diperlukeunana pikeun ngungkulan kahéngkérana siswa dina nulis carita pondok, kalawan ngagunakeun média pilem.

Panalungtikan anu ngagunakeun média pilem ogé kungsi dilakukeun, di antarana ku Néng Yayas Ismayati (Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia) kalawan judul panalungtikan “Penggunaan Media VCD *Ada Apa dengan Cinta?* dalam Pembelajaran Menulis Cerita Pendek Siswa Kelas 2 SMUN 1 Sumedang Tahun Ajaran 2003/2004”. Éta panalungtikan hasil ngabuktikeun hipotésis anu nyebutkeun yén média pilem éféktif digunakeun dina pangajaran nulis carita pondok. Salian ti éta, Tita Puspitawati (Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia) kalawan judul panalungtikan “Penggunaan Media Film Bertema Pendidikan sebagai Upaya Meningkatkan Kemampuan Menulis Cerita Pendek: Penelitian Tindakan Kelas terhadap Siswa Kelas X SMA Negeri 3 Bandung Tahun Ajaran 2008/2009” ogé geus hasil ngabuktikeun hipotésisna yén média pilem kalawan téma pendidikan éféktif digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok pikeun siswa.

Di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah can aya anu nalungtik ieu pasualan. Ku lantaran kitu, tina sababaraha alesan di luhur karasa perluna dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan éféktivitas média pilem dina pangajaran nulis carita

pondok kalawan tujuan pikeun ngabuktikeun éféktif-henteuna média pilem dina pangajaran nulis carita pondok. Dumasar tina éta hal, ieu panalungtikan téh baris dijudulan “Éféktivitas Média Pilem dina Pangajaran Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)”.

1.2 Watesan Masalah

Watesan masalah dina panalungtikan diperlukeun pikeun nangtukeun arah panalungtikan sarta sangkan leuwih jéntré tur leuwih museur kana tujuan. Ku kituna, diwatesanan kana média pilem jeung kagiatan nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung taun ajaran 2010/2011.

1.3 Rumusan Masalah

Masalah anu baris ditalungtik kudu dirumuskeun sangkan puguh pedaraneunana. Rumusan masalah dina ieu panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem?
- 2) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem?
- 3) Kumaha éféktivitas média pilem dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung?

1.4 Tujuan Panalungtikan

1.4.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta nguji éféktif-henteuna média pilem dina pangajaran nulis carita pondok.

1.4.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem,
- 2) bédana kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun média pilem, sarta
- 3) éféktivitas média pilem dina pangajaran nulis carita pondok siswa kelas XI IPA 3 SMA Pasundan 8 Bandung.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

1.5.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan baris ngawewegan jeung ngarojong kana tiori anu patali jeung kaéféktifan média jeung inovasi pembelajaran dina pangajaran nulis carita pondok. Rojongan kana éta tiori bisa dijadikeun dadasar pikeun mekarkeun panalungtikan lanjutan jeung panalungtikan dina widang séjénna.

1.5.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés deui baris diwincik sababaraha mangpaat anu sipatna praktis, di antarana pikeun:

1) Guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan, guru bisa mikaweruh sajumlahing variasi média pangajaran anu bisa digunakeun dina nulis carita pondok, sangkan ngirut ati tur ngamotivasi peserta didik pikeun nulis carita pondok jeung bisa ngirut minat siswa pikeun nulis kalawan ngamangpaatkeun média anu narik ati, nepi ka siswa bisa ngahasilkeun produk tinulis.

2) Siswa

Hasil tina ieu panalungtikan bakal ngadatangkeun mangpaat pikeun siswa anu miboga masalah dina kaparigelan nulis, hususna nulis carita pondok. Ieu hal balukar tina kurangna aspék pangrojong dina pangajaran nulis. Ieu panalungtikan nyobaan ngamangpaatkeun média anu luyu jeung pangajaran nulis, kalawan harepan siswa kamotivasi pikeun ngahasilkeun karya tinulis.

3) Panalungtik

Panalungtik bisa mikaweruh kaéfektifan hiji média pangajaran, nyatana média audio-visual mangrupa pilem dina pangajaran nulis carita pondok.

4) Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Ngaliwatan ieu panalungtikan, pangajaran Basa jeung Sastra Sunda jadi leuwih euyeub ku rupaning média pangajaran anu hadé, lantaran prosés jeung hasilna geus kauji ngaliwatan hiji panalungtikan.

1.6 Wangenan Istilah

- 1) Éféktivitas nya éta kahontalna tujuan anu dipiharep, luyu jeung rarancang anu geus ditangtukeun.

- 2) Média pilem nya éta média visual gerak pikeun nepikeun gagasan anu matak ngirut ati.
- 3) Pangajaran nulis nya éta pangajaran anu eusina didominasi ku kagiatan nulis.
- 4) Carita pondok nya éta karangan tinulis wangun fiksi anu galur caritana rélatif basajan.

1.7 Raraga Tulisan

Dina ieu panalungtikan matéri disusun kalawan sistematis sarta diwangun ku lima bab. Bab 1 diwangun ku kasang tukang masalah, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, jeung raraga tulisan. Bab 2 diwangun ku kumpulan matéri anu nyoko kana variabel jeung hipotésis. Bab 3 diwangun ku desain jeung sumber data panalungtikan, wangenan operasional, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téknik ngolah data. Bab 4 nya éta déskripsi hasil panalungtikan jeung analisis data. Sedengkeun eusi tina bab 5 nya éta kacindekan jeung rékoméndasi.